

Yon revyi prèv enpak kapital sosyal sou rezilyans

Rezime Rechèch SoCap - Vèsyon Kreyòl
No. 1, Jiyè 2025

Pwen Kle

Kapital sosyal kapab entèprete lajman kòm rezo, relasyon, nòmral, enstitisyon ak konfyans sosyal ki fasilite entèraksyon, echanj, kowòdinasyon ak koperasyon andedan ak ant gwoup sosyal yo.

Menm si fòm ak nati kapital sosyal la varye selon kontèks la, li souvan klase an twa gwo kategori. 1) Kapital sosyal lyezon, ki enkli relasyon pèsònèl ki baze sou yon idantite kolektif ak solidarite, souvan ant fanmi, zanmi ak kominote ki pataje pwen komen tankou relijyon, orijin etnik, kilti, estati sosyo-ekonomik, elatriye. 2) Kapital sosyal pontaj ou pasrèl, ki enkli relasyon ki pèmèt aksè ak resous deyò epi kreye lyen ant gwoup (pa egzanp, ant popilasyon lokal ak moun deplase). E 3) Kapital sosyal koneksyon vètikal, ki enkli relasyon ki konekte moun ak gwoup ak enstitisyon fòmèl ak founisè sèvis, ansanm ak resous ak sèvis yo bay.

Gen prèv solid ki montre enpak kapital sosyal lyezon sou kèk fòm rezilyans.

Ranfòse konfyans epi ranfòse relasyon enpòtan pou amelyore kapasite kominote yo pou absòbe, adapte ak transfòme tèt yo. Faktè tankou sipò mityèl ak solidarite ki baze sou yon idantite kolektif ede kreye lyen sosyal epi yo esansyèl pou mobilize resous, bay sipò emosyonèl, jwenn pi bon mwayen pou viv ak ede efò rekiperasyon apre yon dezast. Jiskaprezan, pi gwo prèv sou enpak kapital sosyal sou rezilyans soti nan pwogram ki konsantre sou ekonomi ak inisyativ pou jenere revni. Inisyativ sa yo ede pwoteje kont ti chòk, men yo ka mwens efikas lè se gwo kriz ki afekte tout kominote a.

Sepandan, efè pozitif kapital sosyal lyezon an parèt sitou pandan premye repons yo bay lè gen kriz.

Gen rezilta ki pa dakò youn ak lòt epi gen mank prèv, sa ki fè li difisil pou detèmine kijan kapital sosyal lyezon an ede nan preparasyon pou ijans ak rezilyans alontèm. Prèv yo montre kapital sosyal pontaj ou pasrèl ak koneksyon vètikal pi enpòtan nan faz ki vini apre kriz la; epi sou tèms long, kapital sosyal lyezon an gen yon efè limite sou transfòmasyon inegalite ak rediksyon vilnerabilite.

ENTWODIKSYON

Kapital sosyal se yon resous ki esansyèl, menm si yo souvan neglije li, pou ranfòse rezilyans kominote iben ki sou bò kote, ki afekte pa konfli ak frajilite. Prèy yo montre kapital sosyal ka sèvi kòm yon kousen pandan kriz, lè li bay sipò, enfòmasyon ak aksè ak resous atravè rezo kote moun gen konfyans youn nan lòt. An menm tan, rechèch yo montre kapital sosyal ka ranfòse inegalite ki deja egziste oswa ka itilize nan yon fason ki fè rezilyans vin pi fèb olye li vin pi fò. Konprann ki lè ak kijan kapital sosyal ka mobilize pou gen yon enpak pozitif, epi kijan pou evite oswa minimize efè negatif li yo, se yon bagay ki esansyèl pou ranfòse patisipasyon lokal nan repons ak kriz epi pou soutni efikasite ak enpak entèvensyon imanité yo.

Nòt rechèch sa a rezime eta aktyèl prèy ki egziste sou enpak kapital sosyal sou rezilyans nan kontèks imanité ak devlopman. Li rasanble tou prèy ki montre limit oswa enpak potansyèlman negatif kapital sosyal la, epi li bay lis prensipal mank prèy ki genyen. Objektif nòt sa a pa pou bay yon revizyon konplè sou tout prèy ki gen rapò ak kapital sosyal ak rezilyans, men pito mete aksan sou prensipal domèn kote gen konsansis oswa deba, pou ka ede oryante pwogram, politik ak rechèch kap vini yo nan sektè imanité ak devlopman.

Rezime prèy yo baze sou yon revizyon literati gri, ki fèt ak rechèch espesyal sou sit entènèt ak bazdone sou entènèt òganizasyon imanité yo, ansanm ak yon revizyon literati akademik ki fèt ak rechèch estriktire.¹ An total, yo te analize 66 rapò oswa etid literati gri ak 194 atik akademik pou soutni konklizyon nòt sa a.

KISA KAPITAL SOSYAL YE?

Kapital sosyal la jeneralman defini kòm 'rezò, nòm ak konfyans sosyal ki fasilite kowòdinasyon ak koperasyon pou benefis mityèl.² Rechèch yo souvan klase diferan fòm kapital sosyal an twa gwo kategori : kapital sosyal lyezon, kapital sosyal pon, ak kapital sosyal koneksyon vètikal.

Kapital sosyal lyezon se lè moun gen relasyon pèsònèl ki baze sou yon idantite kolektif ak solidarite. Sa enkli relasyon ak lyen pèsònèl ant manm fanmi, bon zanmi, vwazen ak alye ki pataje bagay an komen tankou relijyon, orijin etnik, kilti, estati sosyo-ekonomik, ak lòt mak idantite.³

Kapital sosyal pontaj ou pasrèl se lè moun jwenn aksè ak resous deyò epi kreye lyen ant diferan gwoup.⁴ Sa a se anjeneral relasyon ant gwoup oswa kominote ki gen idantite diferan, epi/oswa ant gwoup ak moun ki soti nan diferan orijin.⁵

Kapital sosyal koneksyon vètikal se lè moun ak kominote yo konekte ak enstitisyon fòmèl ak founisè sèvis - pa egzanp, Leta, òganizasyon kominotè, gwoup sosyete sivil ak/oswa ajans imanité - ansanm ak resous ak sèvis yo ofri.⁶

Kapital sosyal lyezon enplike relasyon pèsònèl, tankou sa ki genyen ant manm menm fanmi oswa vwazen. Kapital sosyal pontaj konsène lyen ak resous ant gwoup, pa egzanp ant diferan katye. Kapital sosyal koneksyon vètikal la fè referans ak koneksyon ki genyen ant moun, kominote ak enstitisyon, tankou Leta, sosyete sivil.

1. The grey literature search covered ReliefWeb's publication repository and the following humanitarian organisation repositories: World Food Programme, International Committee of the Red Cross, International Organization for Migration, World Vision International, Norwegian Refugee Council, Mercy Corps, Catholic Relief Services, Plan International, Concern Worldwide and Trócaire. The academic literature review focused on studies between 1990-2023, inclusive, returned by the search: ("social capital" OR "bridging capital" OR "bonding capital" OR "linking capital") AND (resilience OR resiliency) AND (humanitarian OR development OR "sustainable development" OR "international development" OR "development studies" OR "development intervention"). The search returned 345 results, of which, 194 journal articles were deemed relevant. A fuller description of the methodology is available at the end of this document.

2. Putnam, 1995, p. 67.

3. Mpanje, Gibbons and McDermott, 2018; Delilah Roque, Pijawka and Wutich, 2020; Aldrich et al., 2021; Kolade et al., 2022; Lubis and Ronoatmodjo, 2023.

4. Delilah Roque, Pijawka and Wutich, 202, p. 209.

5. Mpanje, Gibbons and McDermott, 2018, p. 5; Grant, 2001; Furukawa and Deng, 2019; Tippens, 2020; Kolade et al., 2022.

6. Mpanje, Gibbons and McDermott, 2018, p. 5.

LYEN ANT KAPITAL SOSYAL AK REZILYANS

Lè nou konsidere diferan aspè kapital sosyal, gen anpil prèv ki montre kapital sosyal lyezon gen yon enpak siyifikatif ak pozitif sou kèk aspè rezilyans kominotè.⁷ Rechèch yo montre moun souvan chèche sipò lakay fanmi yo, bon zanmi ak vwazen pou fè fas ak efè imedya yon kriz.⁸ Konsa, kapital sosyal lyezon se yon resous enpòtan pou soutni repons ak kriz, espesyalman lè sistèm gouvènans kominotè yo derègle akòz kriz.⁹ Faktè tankou sipò mityèl ak solidarite ki baze sou yon idantite kolektif ede ranfòse lyen sosyal yo epi yo esansyèl pou mobilize resous, bay sipò emosyonèl ak akonpaye efò rekiperasyon apre yon dezast.¹⁰

Prèv yo montre tou ke bati konfyans ant diferan aktè nan kominote a (kapital sosyal pontaj ou pasrèl) ranfòse kapasite kominote yo pou absòbe, adapte ak transfòme tèt yo devan chòk.¹¹ Gras a sa, kapital sosyal pontaj ou pasrèl ka ede ranfòse rezilyans nan yon nivo kominotè pi laj, atravè yon sipò mityèl nan aktivite prevansyon, repons, rekiperasyon ak rezolisyon konfli.¹²

LIMITASYON WÒL KAPITAL SOSYAL NAN RANFÒSE REZILYANS

Rechèch yo montre ke manm yon kominote pa toujou gen kapasite oswa resous ki nesèsè pou yo sipòte youn lòt lè yo ap fè fas ak yon kriz kolektif ki afekte tout kominote a.¹⁴ Limitasyon sa a vin pi enpòtan lè gen ijans konplèks ak miltip, kote kapasite ak resous ki disponib nan fanmi yo souvan ap sibi gwo presyon.¹⁵

Menm si kapital sosyal lyezon an ka ede ak rezilyans nan kout tèm, prèv yo montre li mwens efikas pou diminye vilnerabilite sou tèm long.¹⁶ Etid yo montre tou kapital sosyal lyezon pa toujou mennen nan pi bon preparasyon pou ijans oswa nan bonjan diminasyon dezast.¹⁷ Sepandan, gen deba sou sijè sa a nan rechèch la. Gen prèv ki pa dakò youn ak lòt ki fè konnen kapital sosyal lyezon pi dirab pase kapital sosyal pon, espesyalman pou jere sekirite alimantè ni nan kout tèm ni nan long tèm.¹⁸

Divès faktè ki gen rapò ak kontèks la ka enfliyanse kapital sosyal nan diferan fason. Pa egzanp, depasman fòse ka fè moun oblije kreye nouvo lyen kapital sosyal pontaj ou pasrèl ak kapital sosyal koneksyon vètikal.¹⁹

Manm yon kominote ka pa gen kapasite oswa resous ki nesèsè pou yo sipòte youn lòt lè yo ap fè fas ak yon kriz kolektif ki afekte tout kominote a, sa ki limite efè potansyèl kapital sosyal la.

Vyolans ak konfli ka lakoz soudinman soud cohesyon sosyal ak konfyans, sa ki gen yon enpak dirèk sou kapasite kominote yo pou yo kanpe djanm devan chòk ki ka vini.¹³ Se poutèt sa, ranfòse relasyon ak otorite lokal yo (kapital sosyal koneksyon vètikal) epi bati konfyans andedan kominote yo se bagay ki esansyèl pou fasilite yon bon anviwònman operasyonèl pou repons imanité.

Okontrè, yon konfli ame ka lakoz relasyon ant kominote yo vin pi move, sa ki limite kapital sosyal pon epi fè moun depann plis sou kapital sosyal lyezon pou yo ka ranfòse rezilyans yo devan chòk.²⁰ Sepandan, domèn rechèch sa a toujou ap fè deba, paske lòt etid montre kèk endikatè kapital sosyal pon ou pasrèl asosye ak plis chans pou rezoud konfli, pandan ke lòt endikatè yo plis lye ak chòk ki gen rapò ak konfli.²¹

7. Kolade et al., 2022.

8. Abheuer, Thiele-Eich and Braun, 2013; James and Paton, 2015; Kolade et al., 2022.

9. James and Paton, 2015; Scantlan and Petryniak, 2018, pp. 21–23.

10. James and Paton, 2015; Bernados Jr et al., 2020; Kolade et al., 2022.

11. Bond et al., 2017; Diallo, Giordano and Simonet, 2017; Patel et al., 2022; Piton, 2023; Kawasaki et al., 2024.

12. Kurtz and McMahon, 2015; Bond et al., 2017; Piton, 2023.

13. Patel et al., 2022.

14. Abheuer, Thiele-Eich and Braun, 2013, pp. 31–32.

15. ACAPS et al., 2023.

16. Abheuer, Thiele-Eich and Braun, 2013.

17. James and Paton, 2015, p. 224; Aldrich et al., 2021, p. 1794.

18. Scantlan and Petryniak, 2018, pp. 21–23.

19. Kolade et al., 2022; Parvin et al., 2023.

20. Aldrich et al., 2021.

21. See Kurtz and McMahon, 2015, p.15, for a fuller discussion of the bridging social capital index and constituent variables.

ENPÒTANS POU PWOGRAMASYON

Nan domèn pwogram, pi gwo prèv ki montre enpak kapital sosyal sou rezilyans soti nan inisyativ ekonomik epay ak jenerasyon revni. Sa yo enkli Asosyasyon Vilajwa Ekonomi ak Kredi (AVEC) ak gwoup èd mityèl, ke ONG yo konsidere kòm eleman esansyèl pou enklizyon finansye ak sosyal.²² Inisyativ sa yo ka soutni rezilyans sosyal ak ekonomik lè yo amelyore aksè ak finansman ak sekirite alimantè, ranfòse relasyon andedan kominote yo epi ankouraje lyezon ak founisè sèvis ak lidè kominotè yo.²³

Anplis, prèv yo montre AVEC yo sèvi kòm yon kousen kont chòk, paske yo fasilite yon sèten pwoteksyon sosyal ak aksè ak fon ijans, sitou pou moun ki vilnerab ak moun ki tradisyonèlman mete sou kote.²⁴

VID KI GEN NAN PRÈV YO

Prèv sou kapital sosyal koneksyon vètikal yo limite, sitou lè ou konpare ak kantite rechèch ki fèt sou enpak kapital sosyal lyezon ak pontaj ou pasrèl sou rezilyans. Menmsi gen anpil literati gri sou ranfòsman relasyon ak founisè sèvis, lidè kominotè ak estrikti gouvènans, literati sa yo pa toujou pale klèman de kapital sosyal koneksyon vètikal, epi yo pa toujou bay detay sou karakteristik espesifik ak fason kapital sosyal sa a manifeste.²⁸

Gen tou mank prèv nan domèn akademik sou enpak kapital sosyal sou rezilyans nan kontèks ki afekte pa konfli ak vyolans. Konfli ak vyolans sèlman trete an detay nan 9 sou 194 etid akademik ki egzamine kapital sosyal ak rezilyans nan kontèks devlopman oswa imanité nan revizyon sa a.

Manm yon kominote ka pa gen kapasite oswa resous ki nesèsè pou yo sipòte youn lòt lè yo ap fè fas ak yon kriz kolektif ki afekte tout kominote a, sa ki limite efè potansyèl kapital sosyal la.

Menm jan an tou, etid yo montre sèvis finansye enfòmèl, tankou gwoup ekonomi fanm, ka jwe yon wòl kle nan bati kapital sosyal ak rezilyans kont chòk finansye ak klimatik.²⁵ Sepandan, rechèch yo montre efè kousen AVEC yo “ka pa ase lè fanmi yo ap fè fas ak chòk ki pi gwo.”²⁶

Menm si etid yo montre inisyativ kapital sosyal ki baze sou AVEC ranfòse konfyans, soud cohesion sosyal ak réciprocité ki deja egziste nan kominote yo, yo pa osi efikas pou kreye nouvo kapital sosyal nan kote kote soud cohesion sosyal la fèb.²⁷

Konpare ak sa, literati gri a bay plis detay sou kapital sosyal nan kontèks ki afekte pa konfli ak vyolans, espesyalman an koneksyon ak travay sou konsolidasyon lapè, soud cohesion sosyal ak aksyon imanité.²⁹ Literati grèk a genyen tou prèv ki montre kijan kapital sosyal ka mobilize pa gwoup ame ak lòt aktè ki itilize vyolans, sa ki ka gen move efè sou rezilyans.³⁰

Sepandan, plis rechèch nesèsè pou pi byen konprann kijan kapital sosyal enfliyanse rezilyans nan kontèks ki afekte pa konfli ak vyolans. Sa enkli egzaminen fòm negatif kapital sosyal ki ka mele ak konfli, oswa menm agrave yo, epi klè sou deba ki genyen sou si soud cohesion sosyal vrèman ranfòse rezilyans kont chòk ki gen rapò ak konfli, epi si wi, nan ki kondisyon ak pou ki gwoup.³¹

22. Mercy Corps, 2017b, 2017a; Ward, Hemberger and Muench, 2017; Collins and Mock, 2024, pp. 6, 27.

23. MATRIX Business Development, 2020.

24. Diallo, Giordano and Simonet, 2017; Collins and Mock, 2024.

25. Carabine and Wilkinson, 2016; Perche and Jones, 2019; Collins and Mock, 2024.

26. Collins and Mock, 2024, p. 35.

27. Diallo, Giordano and Simonet, 2017.

28. Concern Worldwide, 2018; Arnott and Wahis, 2020; Mock et al., 2023; Segar, 2023.

29. Abdulla et al., 2013; Neaverson, Gould and Peters, 2019, 2019; Kim, Sheely and Schmidt, 2020; Spencer, 2022; ACAPS et al., 2023; Baldet et al., 2024; Collins and Mock, 2024; Stepanovic et al., 2024.

30. Clark-Ginsberg, Hunt and Matturi, 2015.

31. Scantlan and Petryniak, 2018.

Nòt Metodoloji

Revizyon an te konbine de estrateji rechèch pou konstitiye dokiman ki te analize yo. Premye estrateji a se te yon egzamen apwofondi piblikasyon ki pale de kapital sosyal nan baz dokiman òganizasyon imanità sa yo : Pwogram Alimantè Mondyal, Komite Entènasyonan Kwa Wouj, Òganizasyon Entènasyonan pou Migrasyon, World Vision International, Konsèy Nòvejyen pou Refijye, Mercy Corps, Catholic Relief Services, Plan International, Concern Worldwide ak Trócaire. Yo te chwazi òganizasyon sa yo kòm echantyon òganizasyon imanità entènasyonan ki mwayen ak gwo, ki kouvri diferan tip òganizasyon (soti nan ONG rive nan òganizasyon entè-gouvènmantal ak sa ki gen manda Nasyonzini).

Anplis, ekip rechèch la te sistematikman fouye baz piblikasyon Reliefweb la pou : i) chèche rezilta ki gen referans ak « kapital sosyal », ii) yo te klase otomatikman rezilta yo selon enpòtan, iii) chwazi manyèlman rezilta ki enpòtan apre yo fin egzamine rezime ak sentèz yo, epi iv) kanpe rechèch la lè yo kòmanse jwenn rezilta youn apre lòt ki pa te enpòtan. Pa t gen okenn limit sou peryòd pou enkli rapò yo, men pifò piblikasyon yo konsantre sou 15 dènye ane yo. Rechèch sa a te pèmèt idantifye 66 etid oswa rapò ki soti nan literati gri, tout sou kapital sosyal ak/oswa kapital sosyal ak rezilyans. Dezyèm estrateji a te baze sou yon rechèch estriktire sou piblikasyon akademik.

Sa a te konsiste evalye atik syantifik an angle ki parèt nan jounal syantifik ak komite lekti, ki prezante rezilta empiric sou relasyon ant kapital sosyal ak rezilyans kominotè nan kontèks imanità ak devlopman, pibliye ant 1990 ak 2023. Etid ki nan lòt lang, lòt fòm oswa deyò peryòd sa a te eskli. Yo te idantifye piblikasyon ki elijib yo atravè bazdone Scopus, kote yo te itilize operatè boulyen pou chèche sistematikman nan tit, rezime ak mo kle tèm sa yo : "kapital sosyal" OSWA "kapital pontaj" OSWA "kapital lyezon" OSWA "kapital koneksyon" AK (rezilyans) AK (imanità OSWA devlopman OSWA "devlopman dirab" OSWA "devlopman entènasyonan" OSWA "etid devlopman" OSWA "entèkansyon devlopman". Rechèch la te bay 345 rezilta.

A pati de rezilta inisyal yo, yo retire rechèch ki te repete, yo fè premye triyaj sou tit epi aprè sa sou rezime yo. Fo pozitif yo te sitou etid ki te gen sèlman enplikasyon teyorik oswa espekilatif sou relasyon ant kapital sosyal ak rezilyans, sa ki te konsantre sou devlopman pwofesyonèl ak/oswa òganizasyonèl ak rezilyans, ansanm ak rechèch sou rezilyans nan relasyon pèsoneèl tankou paran ak pitit, ki pa t enpòtan pou ang imanità ak devlopman revizyon an. Dokiman final la te gen 194 atik syantifik.

BIBLIYOGRAFI

Abdulla, A. et al. (2013) *Knowledge Matters: Special Issue Disaster Risk Reduction*. Dublin: Concern Worldwide.

ACAPS et al. (2023) *Food Affordability in Conflict-Torn Yemen In Light of the Ukraine War*. Joint SDG Fund.

Aldrich, D.P. et al. (2021) 'Social Capital's Role in Humanitarian Crises', *Journal of Refugee Studies*, 34(2), pp. 1787-1809.

Arnott, S. and Wahis, L. (2020) *Navigating the Nexus: A Brighter Future for Refugee and Host Community Children in West Nile, Uganda*. World Vision.

ABheuer, T., Thiele-Eich, I. and Braun, B. (2013) 'Coping with the Impacts of Severe Flood Events in Dhaka's Slums - The Role of Social Capital', *ERDKUNDE*, 67(1), pp. 21-35.

Baldet, B. et al. (2024) *Development & Resilience Index against Violent Extremism (DRIVE) in Northern Côte d'Ivoire*. Equal Access International; Seed.

Bernados Jr, S. et al. (2020) 'Can the Bonding Social Capital be Used to Mitigate the Impact of Natural Hazards?: The Case of a Flood-Prone Suburban Community in the Philippines', *International Journal of Social Ecology and Sustainable Development*, 11, pp. 26-36.

Bond, C. et al. (2017) *Resilience Dividend Valuation Model: Framework Development and Initial Case Studies*. RAND Corporation.

Carabine, E. and Wilkinson, E. (2016) *Resilient Risk Governance: Experience from the Sahel and Horn of Africa*. Issue 5. BRACED.

Clark-Ginsberg, A., Hunt, D. and Matturi, K. (2015) *Concern Disaster Risk Reduction: Urban Contexts*. Dublin; Belfast; London; Seoul; New York: Concern Worldwide.

Collins, S. and Mock, N. (2024) *A Multi-Sectoral Evidence Perspective on Pathways Toward Resilience Within Systems*. RDU20275_0724. World Vision; Tulane University.

Concern Worldwide (2018) *Adapting the Graduation Approach to Urban Contexts*. Dublin: Concern Worldwide.

Delilah Roque, A., Pijawka, D. and Wutich, A. (2020) 'The Role of Social Capital in Resiliency: Disaster Recovery in Puerto Rico', *Risk, Hazards & Crisis in Public Policy*, 11(2), pp. 204-235.

Diallo, P.N., Giordano, N. and Simonet, C. (2017) *Financial Services for Resilience: How to Assess the Impacts?* Report. BRACED Knowledge Manager.

Furukawa, M. and Deng, D. (2019) 'Social Capital Across Agro-Pastoral Assets in the Abyei Area with Reference to Amiet "Peace" Market', *Journal of Peacebuilding & Development*, 14(2), pp. 164-178.

Grant, E. (2001) 'Social Capital and Community Strategies: Neighbourhood Development in Guatemala City', *Development and Change*, 32(5), pp. 975-997.

James, H. and Paton, D. (2015) 'Social Capital and the Cultural Contexts of Disaster Recovery Outcomes in Myanmar and Taiwan', *Global Change, Peace & Security*, 27(2), pp. 207-228.

Kawasaki, J. et al. (2024) *Feeding Resilience: Unraveling the Asia-Pacific Food Crisis*. World Food Programme.

Kim, J., Sheely, R. and Schmidt, C. (2020) *Social Capital and Social Cohesion Measurement Toolkit for Community-Driven Development Operations*. Washington, DC: Mercy Corps and The World Bank Group.

BIBLIYOGRAFI (KONTINYE)

- Kolade, O. et al. (2022) 'Picking Up the Pieces: Social Capital, Psycho-Social Support and Livelihood Recovery of Displaced Populations in Northeast Nigeria', *The Journal of Development Studies*, 58(6), pp. 1280-1299.
- Kurtz, J. and McMahon, K. (2015) *Pathways from Peace to Resilience: Evidence from the Greater Horn of Africa on Links between Conflict Management and Resilience to Food Security Shocks*. Washington, DC: Mercy Corps.
- Lubis, S.N. and Ronoatmodjo, S. (2023) 'Social Capital for Disaster Management', *Nusantara Science and Technology Proceedings*, pp. 44-55.
- MATRIx Business Development Ltd (2020) *Empowering Women and Youth through Graduation and Financial Inclusion Final Evaluation*. Dhaka: Concern Worldwide.
- Mercy Corps (2017a) *Can Market Systems Development Build Resilience in Fragile Contexts? Lessons from a Comparative Three-Country Analysis in South and Southeast Asia*. Portland, OR: Mercy Corps.
- (2017b) *Northeast Nigeria Joint Livelihood and Market Recovery Assessment*. Portland, OR: Mercy Corps.
- Mock, N. et al. (2023) *Disaster Risk Reduction Programming and Best Practices: Understanding the Effectiveness, Impact, Sustainability, and Scalability of World Vision's Disaster Risk Reduction Activities in the Asia-Pacific Region*. World Vision.
- Mpanje, D., Gibbons, P. and McDermott, R. (2018) 'Social Capital in Vulnerable Urban Settings: An Analytical Framework', *Journal of International Humanitarian Action*, 3(1), p. 4.
- Neaverson, A., Gould, C. and Peters, K. (2019) *Delivering Climate Resilience Programmes in Fragile and Conflict-Affected Contexts*. London: BRACED Knowledge Manager.
- Parvin, G.A. et al. (2023) 'Does Social Capital Contribute to Resilience? Exploring the Perspectives of Displaced Women Living in Urban Slums in Khulna City', *International Journal of Disaster Risk Reduction*, 94, p. 103838.
- Patel, R.B. et al. (2022) *Conflict and Food Systems Synthesis Report*. Dublin: Concern Worldwide.
- Perche, J. and Jones, L. (2019) *Exploring Links between Financial Services and Climate Resilience: Evidence from Myanmar*. London: BRACED Knowledge Manager.
- Piton, P. (2023) *Building Resilient Communities in Somalia Phase 2: Final Report*. Norwegian Refugee Council.
- Putnam, R.D. (1995) 'Bowling Alone: America's Declining Social Capital', *Journal of Democracy*, 6(1), pp. 65-78.
- Scantlan, J. and Petryniak, O. (2018) *What Matters for Households' Recovery Trajectories Following the Gorkha Earthquake? A Two-Year Panel Study*. Portland, OR: Mercy Corps.
- Segar, R. (2023) 'The Importance of Informal Ties: COVID-19 Vaccination Uptake within Ethnic Minority Communities in Georgia', *Caucasus Analytical Digest*, (131), pp. 8-13.
- Spencer, J. (2022) *Between a Shock and a Hard Place: How BRCiS Builds Resilience in Somalia despite Unprecedented Challenges*. Norwegian Refugee Council.
- Tippens, J.A. (2020) 'Urban Congolese Refugees' Social Capital and Community Resilience During a Period of Political Violence in Kenya: A Qualitative Study', *Journal of Immigrant & Refugee Studies*, 18(1), pp. 42-59.
- Ward, S., Hemberger, A. and Muench, S. (2017) *Driving Resilience: Market Approaches to Disaster Recovery*. Portland, OR: Mercy Corps.

Konsènan pwojè SoCap

Wòl Kapital Sosyal nan Kontèks iben ki Frajil ak Afekte pa Konfli (SoCap) se yon pwojè rechèch ki dire twa ane, ki jwenn finansman nan men Irish Aid epi ki fèt an patenarya ak Concern Worldwide. Li analize de fason sistematik entèraksyon ki genyen ant kapital sosyal, rezilyans, anviwònman iben, ansanm ak sityasyon konfli ak frajilite pami popilasyon iben ki sou kote an Ayiti, nan Somali ak Somaliland

Rechèch sa a, ki itilize metòd melanje, vize konprann kijan mekanis ki fè kapital sosyal vin tounen rezilyans pou gwoup iben ki sou kote yo ap ankouraje oswa bloke, pou idantifye zouti pratik pou aktè operasyonèl ak politik yo.

Ekip rechèch la gen ladan Jessica Hsu ak Robillard Louino, Gwoup Konbit, Ayiti ; Manar Zaki ak Brenton Peterson, Consilient, Somali ak Somaliland ; Dr Kelsey Gleason, University of Vermont; Dr Ronak Patel, Nova Frontlines; ansanm ak Dr Caitriona Dowd ak Dr Kelsey Rhude, University College Dublin. Ekip la remèsye Jothsaina Pierre pou sèvis tradiksyon.

Lide yo, opinyon ak kòmantè ladan l yo se antyèman responsablite otè li yo epi yo pa nesèman reprezante oswa reflekte politik Irish Aid.

Kijan pou site piblikasyon sa a:

Rhude, Kelsey, Caitriona Dowd, Kelsey Gleason and Ronak Patel. (2025). *A Review of Evidence of the Impact of Social Capital on Resilience*. SoCap Research Brief, No. 1.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè SoCap la, tanpri vizite

<https://www.concern.net/knowledge-hub/social-capital-and-resilience-fragile-and-conflict-affected-urban-contexts>



Irish Aid
An Roinn Gnóthaí Eachtracha agus Trádála
Department of Foreign Affairs and Trade